1-аг вариант

I-аг хай

Бакæс текст æмæ сæххæст кæн 2-14 хæслæвæрдтæ

Фыд æмæ йæ фырттæ

(1) Фыд æмæ фырттæ фæхыл сты сæ мулкыл. (2) Фырттæ сæ фыды фæллой нæ хъахъхъæдтой, зæронд фыд сын уый нæ барста, сæ цæстмæ сын æй дардта. (3) Дзырдта сын:

- Цы нæм ис, уый иууылдæр сымах у, æз дзы мæрдтæм мемæ ницы ахæсдзынæн.(4) Уæ фæллой хъахъхъæнут.(5) Абон уæ цы хъæуы, уый уæ райсом дæр хъæудзæн.

(6) Фырттæ йæм нæ хъуыстой, æмæ фыд æррынчын. (7) Мæлгæ-мæлын йæ сыхæгтæн бафæдзæхста:

- (8) Чырыны мæ куы сæвæрат, уæд мын мæ къухтæ мæ риуыл ма сæвæрут, фæлæ сæ-иу адаргъ кæнут, мæ армы тъæпæнтæ гом куыд уой, афтæ.

(9) Амард лæг, æмæ йын сыхæгтæ йæ фæндон сæххæст кодтой. (10) Адæммæ, мард чырыны куыд æвæрд уыд, уый раст нæ фæкаст æмæ сæ хъуыды сыхы хистæртæн загътой.

- (11) Йæ къухтæ афтæ йæхи фæдзæхстмæ гæсгæ сты, - уыд сыхы дзуапп.

-(12) Афтæ йæ уадзут, афтæ, - загъта хистæр фырт. (13) Уый йæ афтид къухтæ махмæ æвдисы, ома мæрдтæм мемæ ницы хæссын.(14) Цардыл нæ ахуыр кæны.

2 Æмбисæндтæй кæцы æвдисы тексты сæйраг хъуыды?

1) Дон нуазгæйæ дæр донæн фæуынæй тæрсы.
2) Йæ бынтæ иу бон ничи хæры.
3. Сæрд мæлдзыг дæр æвæрæнтæ кæны.
4. Иунæг мæгуыр у.

Дзуапп: _____

3 Кæцы хъуыдыйады ис **фразеологион дзырдбаст**?

1) Фыд æмæ фырттæ фæхыл сты сæ мулкыл.

2) Фырттæ сæ фыды фæллой нæ хъахъхъæдтой, зæронд фыд сын уый нæ барста, сæ цæстмæ сын æй дардта.

Демоверсия

3) Фырттæ йæм нæ хъуыстой, æмæ фыд æррынчын.

4) Цардыл нæ ахуыр кæны.

Дзуапп:_____

4	1-3-аг хъуыдыйæдтæй рафысс, дывæргонд æмхъæлæсонтæ дзырды уидаджы кæм ис, ахæм дзырдтæ

Дзуапп:_____

5	Ныффысс дзырдтæн сæ антонимтæ*:*

фæхыл сты, зæронд, гом, ахæсдзынæн, хистæр.

Дзуапп :_____

6	**1-аг** хъуыдыйадæй рафысс омонимтæм чи хауы, ахæм дзырд.

Дзуапп:_____

7	**3-5-æм** хъуыдыйæдты ссар фæдзæхстон здæхæны мивдисæг.

Дзуапп:_____

8	**3-аг** хъуыдыйадæй рафысс номивджытæ.

Дзуапп:_____

9	Рафысс **6-æм** хъуыдыйады **грамматикон бындуртæ.**

Дзуапп:_____

10	**3-7-æм** хъуыдыйæдтæй разæнгардгæнæн кæцы у, уый фæбæрæг кæн.

Дзуапп:_____

11	Къæдзыгты фарсмæ фыст сты нымæцтæ. Домгæ бастдзинад чи бæрæг кæны, уыцы нымæцтæ рафысс.

Амард лæг, [1]æмæ йын сыхæгтæ йæ фæндон сæххæст кодтой.

Демоверсия

Адæммæ, [2]мард чырыны куыд æвæрд уыд, [3]уый раст нæ фæкаст, [4] æмæ сæ хъуыды сыхы хистæртæн загътой.

Дзуапп:_____

12 Къæдзыгты фарсмæ фыст сты нымæцтæ. Бабæтгæ бастдзинад чи бæрæг кæны, уыцы нымæцтæ рафысс.

Фырттæ сæ фыды фæллой нæ хъахъхъæдтой,1) зæронд фыд сын уый нæ барста,2) сæ цæстмæ сын æй дардта.

Фырттæ йæм нæ хъуыстой,3) æмæ фыд æррынчын.

Адæммæ,4) мард чырыны куыд æвæрд уыд, 5)уый раст нæ фæкаст.

Дзуапп:_____

13 **1-аг** хъуыдыйад йæ арæзтмæ гæсгæ цаварæ у, уый фæбæрæг кæн.

1) **бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад**
2) **хуымæтæг дывæрсыг**
3) **хуымæтæг иувæрсыг**
4) **домгæвазыгджын хъуыдыйад**

Дзуапп:_____

14 **6-9-æм** хъуыдыйæдтæй бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинæдтæ кæм ис, уый фæбæрæг кæн. Дзуапп:_____

II-аг хай

Тексты бындурыл темæтæй иумæ гæсгæ хицæн сыфыл ныффысс сочинени:

1) **«Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц»;**
2) **«Бинонтæ кæрæдзийы куы уарзой, уæд сæ бæркад бирæ у»;**
3) **«Хистæр зондамонæг у».**

Демоверсия